

ESTATES
SHOPPING CENTER

Pou Nou Kenbe “Florida Tan Lontan”
an Epi Bay Fasilite



www.estatesshopping.com

VOTE “YES [WI]” NAN DAT 2 NOVANM LAN POU ESTATES SHOPPING CENTER

Imajine w ap kondui yon ti distans tou kout pou w rive nan yon sant komèsyal byen gran, kote ou kapab achte pwovizyon w, ale labank, mennen ti bèt ou kay veterinè, koupe cheve w, epi pran plezi manje deyò – tout sa nan yon sèl kote ki bay tout fasilite.

Ou pa p gen pou w kondui byen lwen ankò pou jwenn sa w bezwen toulejou.

Pwopozisyon pou Estates Shopping Center la pral vote nan eleksyon jeneral ki pral fèt nan dat 2 novanm lan, kòm yon sondaj pou wè si moun nan zòn lan vle yon sant komèsyal pou kominote a.



KOTE A AK PLAN AN

Sant lan pral bati sou 41 ekta tè ki nan yon kote ki santral nan North Golden Gate Estates, nan kwen Golden Gate ak Wilson bouleva – 2 gwo wout nan zòn lan.



Plan sant lan ap fè l parèt tankou “Florida Tan Lontan” epi li pral genyen 190,000 pye kare imèb yon etaj, pou magazen ak biwo, epi ki genyen yon gwo makèt pou kore yo. Premye magazen ki pral ouvri a, se pral yon makèt.

Prèske 50 pousan nan sant komèsyal la, se pral espas tou louvri avèk anpil plant vèt pou separasyon avèk vwazinay, sa ki pral fè sant lan p ap menm jan ak sant regilye ki nan vil yo anjeneral. Pral gen kote ki gran ase pou pèmèt fè aktivite kominotè nenpòt kilè nan yon ane.

Kote a santral pou moun ki rete nan seksyon Nò nan Golden Gate Estates, epi li pa lwen youn nan kafou ki pi byen tabli nan zòn lan. Kote santral sa a, se pi bon kote sant lan kapab ye pou bay kliyan yo opòtinite pou achte sa yo bezwen ak pou jwenn sèvis, yon jan ki fasil.



Estates Shopping Center



Plan ki Pwopoze pou Sant lan

Golden Gate Boulevard



KILÈS KI SIPÒTE ESTATES SHOPPING

Yo te mande mou ki rete nan zòn lan pou bay anpil lide sou jan pou yo fè sant komèsyal kominotè sa, epi sa yo te di a te gen anpil enpòtans nan plan an. Konsa, Estates Shopping Center pral sèvi rezidan ki vle kenbe sa ki bèl nan “Florida Tan Lontan” ansanm avèk jan Golden Gate Estates parèt li pa fin anndan lavil nèt, pandan l ap ofri sèvis pou rezidan ki la kounye a ak sa ki pral vini tou.

Nan plizyè reyinyon piblik pou tabli kontak ak nan sondaj ki te fèt, kominote a pa janm manke montre anpil sipò pou sant komèsyal la.



- Yon konpayi kontab endepandan te fè yon fòmilè sondaj li te voye bay plis pase 5,500 pwopriyetè. Nan pami 1,632 fòmilè ki retounen yo, 83 pousan di yo sipòte sant komèsyal la..
- Nan yon sondaj jounal lokal la te fè, 65 pousan nan moun ki te patisipe yo di yo sipòte pwojè a.
- Depi mwa fevriye 2009, Komisyon nan Collier County a resevwa preske 2,000 lèt sipò moun ki rete nan Golden Gates Estates voye ba li.

BOURAD POU EKONOMI LOKAL LA

Yon rechèch ekonomik montre Estates Shopping Center pral bay ekonomi lokal la yon gwo bourad. Dapre sa yo wè, total enpak dirèk pwojè a pral \$17.7 milyon chak ane, epi li pral kreye 150 djòb pandan konstriksyon an, epi 269 djòb lè l fini. Dapre gwoup brase lide ki te fèt, moun ki rete nan zòn lan ta pito genyen sèvis lavant detay tankou yon gwo makèt, lapòs, restoran pou fanmi, yon klinik pou ti bèt, epi labank, nan sant lan.

POU KREYE YON DEVLOPMAN KI GEN SANS

Plan pou Collier County a di se pou devlopman komèsyal fèt sou kèk moso teren ki pa gwo. Yon teren ki pi gwo nesesè pou bay pifò nan moun ki rete nan zòn lan opsyon yo ta vle genyen an, pou yo achte sa yo bezwen.

VOTE “YES [WI]” NAN DAT 2 NOVANM 2010 LA

Lè w vote “Yes [Wi]” pou modifiye Golden Gate Area Master Plan an, nan dat 2 novanm lan, sa pral pèmèt genyen yon sant komèsyal ki byen planifiye, nan yon pozisyon santral, epi ki kore sou yon makèt, pou bay tout moun ki rete nan Estates yo plis fasilite.

Montre sipò nou

ALE NAN SIT ENTÈNÈT NOU AN

Ou kapab ede fè Estates Shopping Center vin yon reyalite, lè w ba nou sipò lan

www.estatesshopping.com/support.html

ELEKSYON JENERAL

Pa bliye vote “Yes” pou Proposed Amendment to the Golden Gate Area Master Plan

[Pwopozisyon pou Modifikasyon nan Plan Direksyon Golden Gade Area], nan dat 2 novanm 2010.



Suiv nou sou Facebook.



ESTATES
SHOPPING CENTER

Pd. Pol. Adv. paid for by
Supporters of Estates Shopping Center Political Committee
6017 Pine Ridge Road, Suite 336
Naples, FL 34119